

**Founisè Swen Sante yo:** Bay pasyan an konsèy sou risk ki genyen nan mifepristone. Oumenm ak pasyan an dwe bay yon siyati alekri oswa yon siyati elektwonik sou fòm sa a.

**Akò Pasyan:**

1. Mwen deside pran mifepristone ak misoprostol pou mete fen nan gwosès mwen epi mwen pral swiv konsèy founisè swen sante mwen an konsènan kilè pou m pran chak medikaman ak sa pou m fè nan yon ka dijans.
2. Mwen konprann:
  - a. Mwen pral pran mifepristone nan Jou 1.
  - b. Mwen pral konprime misoprostol yo 24 a 48 èdtan apre m fin pran mifepristone lan.
3. Founisè swen sante m lan te pale avèk mwen sou risk ki genyen yo, sa gen ladan:
  - gwo senyen
  - enfeksyon
4. M ap kontakte klinik/kabinè/founisè swen an touswit si m genyen nan jou apre tretman an:
  - yon lafyèv 100.4°F oswa pi wo ki dire plis pase kat èdtan
  - gwo senyen (tranpe travèse de kotèks epè gwo dimansyon pa èdtan pandan dezèdtan youn apre lòt)
  - gwo doulè oswa malèz nan zòn vant (abdominal), oswa m "santi m malad", sa gen ladan feblès, kèplen, vomisman oswa dyare, pandan plis pase 24 èdtan apre m fin pran misoprostol - sentòm sa yo ka yon siy yon enfeksyon grav oswa yon lòt pwoblèm (sa gen ladan yon gwosès ektopik, yon gwosès deyò matris la.)
  - Founisè swen sante m lan te di m sentòm sa yo ka nesite pou resevwa swen dijans. Si m pa ka jwenn klinik/kabinè/founisè swen an touswit, founisè swen sante m lan di m kimoun pou m rele epi kisa pou m fè.
5. Mwen dwe fè swivi avèk founisè swen sante m lan apeprè 7 a 14 jou apre mwen fin pran mifepristone pou m asire ke gwosès mwen an fini epi m ansante.
6. Mwen konnen, nan kèk ka, tretman an p ap mache. Sa rive kay apeprè 2 a 7 fanm sou 100 ki itilize tretman sa a. Si gwosès mwen an kontinye apre tretman avèk mifepristone ak misoprostol, m ap pale avèk founisè swen m lan sou yon entèvansyon chirijikal pou mete fen nan gwosès mwen an.
7. Si m bezwen yon entèvansyon chirijikal paske medikaman yo pa te mete fen nan gwosès mwen oswa pou sispann gwo senyen, founisè swen sante m lan te di m si yo pral fè entèvansyon an oswa si yo pral refere m ba yon lòt founisè swen sante pou li fè entèvansyon an.
8. Mwen gen GID MEDIKAMAN an pou mifepristone.
9. Founisè swen sante m lan te reponn tout kesyon mwen yo.

**Pasyan Siyati:** \_\_\_\_\_ **Pasyan Non** (ekri ak lèt detache): \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Founisè Siyati:** \_\_\_\_\_ **Founisè Non** (ekri ak lèt detache): \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

Yo ka bay, ranpli, siyen, epi transmèt Fòm Akò Pasyan yo sou papyè oswa ak mwayen elektwonik.